



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB AK SIPÒ KI KOUTE 19 MILYON DOLA NAN KONTE OSWEGO

Selkirk Landing pote 64 kay abòdab epi ki efikas an enèji nan Vilaj Pulaski pou fanmi yo, granmoun aje yo ak granmoun k ap fè fas ak sityasyon sanzabri yo

Sant kominotè ki ofri sèvis devlopman mendèv ki disponib sou plas Investisman an konplete inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmnan yon devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 19 milyon dola nan Konte Oswego nan Vilaj Pulaski. Selkirk Landing ofri 44 kay abòdab pou fanmi ak granmoun aje ak 20 kay ki gen sèvis sipò pou granmoun k ap fè eksperyans ak sityasyon sanzabri yo. Devlopman ki efikas an enèji a gen ladan tou etablisman kominotè 3,000 pye kare ki ofri pwogram devlopman mendèv.

"Ogmante rezèv bon jan kalite lojman abòdab se yon priyorite nan kominote nou yo gwo tankou piti, atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nou investi nan devlopman tankou Selkirk Landing, nou ka ede asire granmoun aje yo ak fanmi k ap travay yo kapab rete nan kominote yo rele lakay yo, pandan y ap bay aksè amelyore nan sèvis yo pou Nouyòkè vilnerab yo ak kominote ki antoure a."

Selkirk Landing Apartments fè pati Plan Lojman global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Selkirk Landing konpoze ak 20 bilding diplèks ak yon total 40 apatman ak yon bilding de etaj ak 24 apatman pou rezidan ki gen laj 55 ane ak plis. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Gen 20 apatman pou granmoun ki gen yon istwa sityasyon sanzabri oswa ensekirite lojman. Rezidan sa yo pral jwenn aksè ak sèvis sipò sou plas ak sibvansyon pou lwaye ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York k ap administre li.

Devlopman an gen ladan tou yon etablisman kominotè separe ki mezire 3,000 pye kare ki te opere pa Oswego County Opportunities, Inc. ke yo rele "The Hub", etablisman an bay aktivite devlopman mendèv pou ede moun ki p ap travay ak moun ki pa gen anpil lajan simonte baryè ki genyen pou jwenn ak kenbe travay.

Devlopman an te fèt pou reyalize sètifikasyon LEED US Green Building Council (Konsèy Batiman Vèt Ameriken) nan nvo ajan epi pou reponn ak egzijans Pwogram Konstriksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Karakteristik enèji efikas yo enkli aparèy, ekleraj, ekipman ENERGY STAR oswa ekivalan.

Selkirk Landing sitiye dirèkteman anfas Pulaski Academy ak Lekòl Santral yo, epi ant yon kilomèt edmi ak makèt, famasi, bank, ak sant gadri lajounen yo. Ekipman rezidansyèl yo enkli enstalasyon lesiv, yon chanm kominotè ak kwizin, ak yon santye pou mache. Pwomotè pou Selkirk Landing se Lakewood Development II, LLC an patenarya ak Oswego Housing Development Council, Inc

Finansman Eta a pou Selkirk Landing te gen ladan I Kredi Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 13.4 milyon dola kapital 4.9 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. OMH ap bay \$500,000 chak ane nan finansman fonksyonman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ansanm ak 138,000 dola nan yon Sibvansyon Devlopman Pwogram pou kouvri depans inisyalye yo. NYSERDA te bay 65,400 dola nan sipò. NBT Bank te bay finansman adisyonèl.

Pandan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te investi plis pase 40 milyon dola pou kreye oswa prezève plis pase 350 apatman abòdab nan bilding pou plizyè fanmi yo nan Konte Oswego.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Ak kay pou fanmi yo, granmoun aje yo, ak granmoun ki bezwen sèvis sipò, Selkirk Landing ofri yon kominote enklizif, divèsifye, epi ki an sante pou 64 fanmi viv yon fason abòdab epi konsantre sou atenn objektif pèsònèl yo pandan y ap bay sèvis pou benefisyè tout kominote a. Nou kontan dèske investisman nou an nan nouvo devlopman sa a pral gen yon enpak transfòmatif konsa nan Pulaski epi nou felisite Lakewood Development ak patnè nou yo paske yo te fè pwojè sa a vin yon reyalyte."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pran anvè lojman sipò ap ede plizyè milye Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal, ak fanmi pa yo, mennen yon vi ki estab ak pwodiktif nan pwòp kominote pa yo. Selkirk Landing se yon bèl ogmantasyon nan vilaj Pulaski ki pral ede moun fè chemen yo sou wout rekiperasyon an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Ak inogirasyon pwojè Selkirk Landing lan, rezidan Konte Oswego yo kounye a gen plis aksè ak lojman sipò pwòp ki abòdab ki gen aparèy ak ekipman ki efikas an enèji. Anplis ekonomi pri enèji ak disponiblite yon varyete sèvis sipò, okipman yo pral jwi espas pou viv ki bay yon anviwonman konfòtab ak an sante pandan y ap sipòte objektif Gouvènè Hochul pou devlope de milyon kay ki favorab pou klima isi 2030."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak fanmi nan Konte Oswego merite yon kote ki an sekirite epi ki garanti pou yo rele lakay yo, epi mwen fyè dèske m wè investisman enpòtan sa a nan alafwa lojman abòdab ak nan lojman pou mendèv nan New York Santral. Lè yo bay plizyè douzèn fanmi New York lojman fyab ak abòdab epi pwolonje sèvis sipò ak preparasyon pou travay esansyèl bay moun ki fè fas ak ensekirite lojman, devlopman avanse sa a pral ede rezidan ki pi vilnerab nan eta nou an viv poukont yo. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul fè pou ogmante aksè ak lojman abòdab atravè New York, epi mwen p ap janm sispann goumen pou asire ke chak Nouyòkè gen yon do kay sou tèt yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Elaji aksè ak lojman abòdab ak sipò enpòtan anpil pou Nouyòkè yo Nouvo devlopman lojman sa a pral ede asire ke nou ka satisfè bezwen lojman rezidan Konte Oswego yo epi ba yo lòt sèvis enpòtan. Mwen fyè pou m sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji lojman abòdab pou kominote Konte Oswego a ak nan tout eta a".

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Nouvo konplèks lojman abòdab nan Pulaski a se yon viktwa pou kominote a, fanmi yo ak rezidan yo. Selkirk Landing non sèlman ofri lojman ki an sekirite, abòdab, men tou gen kapasite pou yo viv lavi ak enstalasyon fòmasyon pou devlopman mendèv, ki se kle pou mete moun sou wout siksè ak endepandans finansye. Santralman sitiye nan Pulaski, pwoksimite li ak lòt sèvis esansyèl, tankou boutik, enstitisyon finansye, lekòl epi menm yon sant gadri, pral kontribiye yon fason konsiderab pou ede vwazen nou yo. Mwen pa t kapab panse ak yon pi bon itilizasyon resous ki pi apwopriye pou ede leve moun ki nan kominote nou an pase Selkirk Landing. Byenveni lakay!"

Majistra Vilaj Pulaski a, Jan Tighe, te deklare, "Konsèy Vilaj Pulaski a kontan anpil pou Pwojè Selkirk Landing a ouvri. Nou akeyi lòt opòtinite lojman pou rezidan nou yo."

Susan Kimmel, ki soti nan Lakewood Development II LLC, te deklare, "Nou kontan pou nou kapab pote lojman abòdab ki nesèsè anpil nan kominote Pulaski, New York, epitou pou nou kapab bay lojman sipò pou moun ka jwenn sipò nan anviwonman kominotè ki abitye ak yo. Avèk aksè fasil ak vilaj la nan yon san laj atravè twotwa, rezidan yo pral gen aksè ak yon pakèt ekipman, ki gen ladan Salmon River. Anplis de sa, sa pèmèt rezidan yo vrèman fè pati kominote a. Avèk patenarya nou ak OCO, nou te kapab founi OCO Hub la, yon bilding Sèvis ke OCO ka itilize pou bay sèvis nan kominote a nan yon sans laj. Sa a se yon bèl egzanp sou sa ki ka reyalize atravè patenarya piblik ak prive."

Direktè Egzekitif Oswego Housing Development Council, Inc., Marion Naramore, te deklare, "Oswego Housing Development Council, Inc. fyè dèske li te fè patenarya ak Lakewood Development II, LLC epi sipòte etablisman lojman miks pou plizyè fanmi ki gen revni ki ba oswa modere nan vilaj Pulaski a. Sa fè pati deklarasyon misyon OHDC pou asire tout rezidan Konte Oswego yo gen yon kote ki an sekirite epi sanitè pou yo abite. Selkirk Landing se yon bèl etablisman ki bay rezidan nò Konte Oswego yo yon chwa bon jan kalite lojman abòdab."

Direktris Egekitif Oswego County Opportunities Inc. Diane Cooper-Currier te deklare, "OCO rekonesan pou opòtinite sa a pou l fè patenarya ak Lakewood Development II, LLC ak NYS pou bay lojman sipò pou loje moun ki vilnerab yo ak fanmi yo. Anplis pote bon jan kalite lojman abòdab nan kominote a, nou kontan pou nou gen yon lokal nan zòn Pulaski pou pote sèvis nan kominote a pou sipòte nenpòt moun ki gen bezwe pèsònèl, alfabetizasyon, edikatif ak bezwen ki lye ak mendèv yo. Bay rezidan yo nan Nò Konte Oswego opòtinite pou yo jwenn sèvis ak sipò ki pi pre lakay yo pral diminye baryè aksè yo epi ede moun ak fanmi yo pwospere".

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)